Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

# РÆСТДЗИНАД

№63 (26515)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 11 апрель – хуымгæнæны мæйы 11 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 КОСМОНАВТИКÆЙЫ БОН *Стъалытæм бандзæвæм...*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *Æнцойбон*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Ивазæнтæ*

**Нысантæ**

## Социалон лæггæдтæ – бæрзонддæр æмвæзадмæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд саразта, уым ныхас цыд Цæгат Ирыстоны социалон лæггæдты къабазы дарддæры нывыладыл, республикæйы цæрджытæн æппæтвæрсыг паддзахадон æххуыс кæныныл.**



Æмбырды райдайæны премьер-министр куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, амынд фарстатыл кусгæйæ, ахсджиаг у, республикæ профилон федералон программæты уæрæх кæй архайы, социалон инфраструктурæйы дарддæры ахадгæ райрæзтыл бæрнонæй кæй кусы, уый.

Афтæ, регионы социалон къабазы дарддæры райрæзт æмæ адæмæн уæрæх социалон лæггæдтæ кæныныл куыст арæзт цæуы фыццаградон национ проект «Бинонтæ»-йы, «Хистæр фæлтæр», «Бирæсывæллонджын бинонтæ» æмæ иннæ федералон программæты бындурыл. Æппæт уыцы хъуыддæгтыл архайд куыд цæуы, уый тыххæй уыд йæ раныхас Цæгат Ирыстоны фæллой æмæ социалон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Маматы Анджелæйæн**.

Фæллойы министрад цы ахсджиаг проекттыл кусы, уыдонæй иу у социалон бадзырды тыххæй программæ. Маматы Анджелæ куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы программæйы фæрцы азы райдайæнæй нырмæ республикæйы цæрджытимæ фидаргонд æрцыд 400 социалон бадзырдæй фылдæр. Ахæм бадзырдтæ чи бафыста, уыцы адæмæн ныр сæ амалхъомадон проекттæ царды рауадзынæн дихгонд æрцæудзæн сæрмагонд паддзахадон субсидитæ. Æмткæй райсгæйæ, 2026 азы социалон бадзырдты тыххæй программæйы мадзæлттæ æххæст кæнынæн нысангонд цæуы 380 милуан сомæй фылдæр. Уый фæрцы азы кæронмæ хъуамæ фидаргонд æрцæуа 1500 социалон бадзырдæй фылдæр (фарон уыдон уыдысты 1440).



Министры хæдивæджы докладæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Хицауады Сæрдар бафæдзæхста, цæмæй социалон бадзырды тыххæй программæйы уагæвæрдтæ амоной фылдæр адæмæн, уыимæ, дæрддзæф хъæуты чи цæры, уыдонæн дæр. «Хи амалхъомадон проектыл бакусын кæй фæнды, хи чысыл хæдзарад райрæзын кæныны хъуыды кæмæ ис, уыцы адæм хъуамæ зоной, социалон бадзырды фæрцы бирæ хорз хъуыддæгтæ саразæн кæй ис, уый», – бацамыдта Дзанайты Барис.

Æмбырды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй федералон бюджеты æххуысы фæрцы дарддæр æххæстгонд цæуынц, Беслæны фыццæгæм скъолайы 2004 азы 1-3 сентябры арæзт террористон фыдракæнды хъыгдард чи байиæфта, уыцы адæмы социалон реабилитаци æмæ дзæбæх кæныны мадзæлттæ.

Иудадзыгон æргом здæхт цæуы сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн уæлæмхасæн социалон лæггæдтæ кæныны фарстамæ. Профилон ведомствæты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ахæм паддзахадон æххуысы мадзæлттæ ахæссыдысты 7,9 мин бинонтыл. «Помогаем СВОим» æмæ иннæ акциты фæрцы адæмы амынд къорды минæвæрттæн арæзт цæуынц юридикон æмæ психологон консультацитæ...

Боны фæткы фарстатыл дзургæйæ, Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй æппæтвæрсыг социалон лæггæдтæ хъуамæ аххæссой, æххуысхъуаг чи у, æппæт уыцы адæмыл. Уæлдай лæмбынæг цæстдард хъуамæ уа, йе 'нæниздзинад цауд кæмæн у, адæмы уыцы къордтæм. Паддзахады аудынад сæхиуыл, æнæмæнг, хъуамæ æнкъарой сывæллонджын бинонтæ æмæ адæмы иннæ къордтæ дæр.

– Фыццаградон национ проекттæ æмæ нысанмæарæзт федералон программæты бындурыл цы куыст цæуы, уый иу уысм дæр хъуамæ ма фæкъуыхцы уа. Социалон бадзырдтæ, паддзахадон пособитæ æмæ æндæр фиддонтæ – ис нæм бирæ фадæттæ, цæмæй адæмы алы къорд дæр сæхиуыл æнкъарой æппæтвæрсыг социалон аудынад. Республикæйы Хицауад стыр æргом здахы, социалон къабазы дарддæры райрæзты сæраппонд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло цы нысантæ æвæры, уыдонмæ. Иу ныхасæй, республикæйы цæрджыты фæрныгадыл æппæтвæрсыг архайд цæуы, – ныхасæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, загъта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Куадзæны бæрæгбоны арфæтæ



**Зынаргъ æмбæстонтæ!**

*Зæрдиаг арфæ уын кæнын æнæхъæн дунейы чырыстæтты бæрæгбон – Сыгъдæг Куадзæны фæдыл!*

*Уыцы бæрæгбон у мæлæтыл царды, хорздзинад та фыдохыл уæлахизы нысаниуæг. Ногæй та нын не 'ргом здахы удварн æмæ рæстдзинады сæйраг хæзнатæм, сиды нæм, цæмæй хуыздæр æмбарæм кæрæдзийы, не 'хсæнады царды уа удæнцойдзинад æмæ хуыздæр фидæнмæ тырнындзинад.*

*Егъау у Куадзæны ахадындзинад нæ адæмы историон æмæ культурон исбон хъахъхъæныны æмæ йæ дарддæр рæсугъдæй хæццæ кæныны хъуыддаджы, æххуыс нын кæны алы адæмыхæттытæ æмæ алы динты минæвæртты граждайнаг æнгомдзинад фидардæр кæнынæн.*

*Уадз, æмæ уын Сыгъдæг Куадзæны рухс уæ зæрдæтæ байдзаг кæна цин æмæ сабырдзинадæй, алы бинонтæн дæр балæвар кæна фарн æмæ амонд, сразæнгард уæ кæна ног сфæлдыстадон æмæ фæллойадон æнтыстытæм!*

*Ноджы ма иу хатт зæрдиаг арфæ кæнын нæ республикæйы цæрджытæн бæрæгбоны фæдыл, æнæниз ут, уæ кæстæрты хорздзинæдтæй уæ зæрды рухс уæд кæддæриддæр!*

*Чырысти Райгас!*

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг**

---

**Ирыстоны зынаргъ цæрджытæ!**

*Республикæйы æппæт чырыстæттæн зæрдиаг арфæ кæнын Сыгъдæг Куадзæны стыр бæрæгбоны фæдыл!*

*Ацы рæсугъд уалдзыгон бæрæгбон сæрмагонд бынат ахсы нæ зæрдæты, не 'ппæты дæр æнгом кæны царды ныфс æмæ уарзондзинады бындуртыл. Бæрæгбон ирд символ у, цард алкæддæр мæлæтыл уæлахиз кæй кæны, адæймагæн удварнон хъомысы тых кæй дæтты, уымæн.*

*Куадзæны удварн алкæмæндæр у хæзнайау, кæцы адæмыхатт кæнæ диныл хæст у, уымæ нæ кæсгæйæ. Не стыр бæстæйы цæрæг бирæ адæмты æнгом кæнынц ахæм бæрæгбæттæ, ныфс нын дæттынц цавæрфæнды фæлварæнтæн дæр бафæразынæн. Абон мах уæлдай тынгдæр æнкъарæм, адæмы æнгомдзинад æмæ иудзинад куыд вазыгджын сты, уый. Сыгъдæг Куадзæны бæрæгбон ма нын иу фадат дæтты, цæмæй уæм æнгом, цæмæй сæрбæрзонд уæм бирæнацион Ирыстоны историон æмæ удварнон хæзнатæй.*

*Дунейы фарн зæгъæд, цæмæй Куадзæны бæрæгбон алкæцы хæдзарæн дæр æрхæсса сабырдзинад æмæ фæрныгад! Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ амонд! Уæ фæллой æмæ арфæйаг хъуыддагæй алкæддæр райгонд ут!*

**ТУСКЪАТЫ Таймураз,**
**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар**

**Æнæнхъæлæджы уавæртæ**

## Срæмыгъды фæстиуджытæ иуварс кæнынц

**Знон Дзæуджыхъæуы, Партизайнаг уынджы базарадон центр «ХДМ»-æн цы скълæдтæ ис, уым æрцыд тыхджын срæмыгъд. Фыдбылызы бынатмæ æвæстиатæй атагъд кодтой тагъд медицинон æххуысы, зынгхуыссынгæнæн æмæ иннæ сæрмагонд службæты радгæс къордтæ.**



Фæстæдæр барадхъахъхъæнæг оргæнтæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй скълады æфснайд уыдысты пиротехникон фæрæзтæ. Срæмыгъды аххосаг цы уыд, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, сбæлвырд уыдзæн фæстæдæр. Ныртæккæ уал та ирвæзынгæнджытæ æмæ иннæ службæты минæвæрттæ æвæстиатæй саразтой фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæныны мадзæлттæ.

Фыдбылызы бынат бабæрæг кодтой. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло,** Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим** æмæ Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав.**

Фæстæдæр Сергей Меняйло куыд фехъусын кодта, афтæмæй фыдбылызы хъыгдард байиæфтой 14 адæймаджы. Уыдоны бакодтой Тагъд медицинон æххуысы æмæ Республикон клиникон рынчындæтты специалистты бæрны. Цыппар адæймаджы уавæр у уæлдай тыхстаг. Хъыгагæн, хъыгдард байиæфтой дыууæ сывæллоны дæр – уыдоны уавæрмæ та сæ цæст дарынц Сывæллæтты республикон клиникон рынчындоны дохтыртæ. Ирвæзынгæнджытæ фыдбылызы бынаты ссардтой дыууæ нæлгоймаджы мæрдтæ.

Фæстæдæр бынаты кусын райдыдта сæрмагонд оперативон штаб. Уыцы структурæйы бæрны сты фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæныны æппæт фарстатæ дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Федералон программæтæ**

## «Пушкины картæ»-йы фæрцы...

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг ГОБЕТЫ Ибрагим профилон ведомствæты минæвæрттæн цы æмбырд саразта, уым ныхас рауад федералон культурон-рухстауæн программæ «Пушкины картæ» регионы æххæст кæныныл.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй амынд федералон программæ йæ тыхы ис ныр цалдæр азы дæргъы, йæ уагæвæрды бындурыл 14-22-аздзыд скъоладзаутæ æмæ студенттæн ис музейтæ, театртæ, кинотеатртæ æмæ æндæр культурон кусæндæттæ лæвар бабæрæг кæныны фадат. Уыцы программæйы фæткыл зæрдиагæй кусы Цæгат Ирыстон дæр. Зæгъæм, абоны онг программæйы архайæг систы республикæйы культурæйы 34 кусæндоны, фæсивæдæй «Пушкины картæ»-тæ чи райста, уыдоны нымæц та 60 минæй фæфылдæр.

Уыцы бæрæггæнæнтæ хорзыл банымайгæйæ, Гобеты Ибрагим профилон ведмствæты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй культурæйы иннæ кусæндæттæ дæр суой программæйы архайæг.

– Федералон программæйы уагæвæрдтыл кусгæйæ, сæйрагдæр у, цæмæй нæ фæсивæдæн уæрæх гæнæнтæ уа культурон-рухстауæн мадзæлтты архайынæн. «Пушкины картæ»-йы фæрцы алкæцы æрыгон адæймагæн дæр ис фыдыбæстæйаг æмæ фæсарæйнаг аивады хæзнатимæ зонгæ кæныны, культурон зонындзинæдтыл зынгæ бафтауыны фадат. Иу ныхасæй, программæйыл куыст хъæуы фæахадгæдæр кæнын, – бацамыдта Администрацийы разамонæг.

Программæ «Пушкины картæ»-йы мадзæлттæ æххæстгонд цæуынц фыццаградон национ проект «Бинонтæ»-йы фæткы бындурыл.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Посты бастдзинады регионалон управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газеттæ рафыссыны сæйраг æмгъуыд йæ тыхы нæма бацыд. Уыимæ, азы дыккаг æмбисæн «Рæстдзинад» рафыссæн ис рагагъоммæ дæр зæронд аргъæй, ома, 1448 сомы æмæ 46 капеккæй. Льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

### Дзырды фарн

***Иу цæстæй сæдæйы цæст уынагдæр у.***

*Æмбисонд*

Парламенты Советæй

# Бюджеты гæнæнтæй – хæдзардзин архайд

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд амыдта Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**



Депутаттæ равзæрстой æмæ æрныхас кодтой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристыл.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийыл лæвар юридикон æххуыс кæныны тыххæй» закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы дыууæ закъоны проекты æркæсынмæ рахаста Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан.** Документтæ дыууæ дæр фылдæр кæнынц, лæвар юридикон æххуыс кæмæн æмбæлы, адæмы уыцы къордты номхыгъд. Ныртæй фæстæмæ уыцы номхыгъдмæ хаст цæудзысты: сæрмагонд æфсæддон операцийы æбæрæгæй сæфтыл нымад чи 'рцыд, уыдоны бинонтæ; террористон фыдракæндты хъыгдард баййафджытæ; æвæндонæй йæ цæрæнбынат чи ныууагъта æмæ чи ралыгъд, уыдон.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы граждантæн æнцонвадат цæрæнуæттæ дæттын»-ы Паддзахадон программæ куыд æххæстгонд цæуы, уый фæдыл раныхас кодта арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Марат**. Куыд загъта, афтæмæй фæстаг фараст азмæ республикæйы цæрæнуæттæ арæзт æрцыд 3,175 милуан квадратон метры, сæ фылдæр – Дзæуджыхъæуы. Уыцы азтæм сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кодтой 5 мин адæймагæй фылдæр.

Раныхасы фæдыл фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæмæ,** депутаттæ **Джиоты Георги** æмæ Черчесты Асланмæ.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Остъаты Георги**. Куыд загъта, афтæмæй программæйы сæрмагонд нысантæ сты: адæймагæн йæ бон балхæнын кæмæн уа, ахæм цæрæнуæттæ аразын; уыцы цæрæнуæттæн сæ хæрзхъæддзинад; æрыгон бинонтæн цæрæнуат балхæнынæн æххуыс мадзæлттæ аразын æмæ æндæртæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 2025 аз республикæйы арæзт æмæ цæрынæн лæвæрд æрцыд цæрæнуæтты 471,291 квадратон метры. «Амынд программæйы фæрцы сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кæныны бар, æппæты фыццаг, ис сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, æмæ дзы чи фæмард, уыдоны бинонтæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, программæ домы уæлæмхасæн финансон æххуыс, æмæ уыцы æххуыс цæмæй уа, ууыл министрады хъæуы бацархайын», – загъта депутат.

«Медицинон кусæндæтты æнæкъуылымпы архайдæн 2024 азы республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадæн республикон бюджетæй лæвæрд фæрæзтæй куыд пайдагонд æрцыд, уый сбæрæг кæныны фæдыл» Цæстдарæн-нымайæн палатæйы хъусынгæнинаджы тыххæй» Парламент цы уынаффæ рахаста, уый сæххæст кæныныл ныхас кодта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Темырты Карэн**. Куыд загъта, афтæмæй 2024 аз министрад йæ хæстæ æххæст кæнынæн пълан кодта 2 миллиард 302 милуан сомы. Дих та йын ракодтой 1 миллиард 702 милуан сомы. Уыцы хъуыддаг, кæй зæгъын æй хъæуы, фæбæрæг медицинон кусæндæтты архайдыл. Уымæй уæлдай, министры хæдивæг бафиппайдта, бæрæггæнæн мадзæлттæм гæсгæ, цы хатдзæгтæ хаст æрцыд, уыдоны фæрцы кæй фæкарздæр æлхæнинæгтæм цæстдард. Пайдагонд кæмæй нæ цæуы, уыцы бæстыхæйттæ цалцæг кæныны фарста дæр лыггонд цæуы.

Хъусынгæнинаджы фæдыл æмдоклад скодта Цæстдарæн-нымайæн палатæйы аудитор **Хæдарцаты Олег** æмæ йæ раныхасы йе 'ргом аздæхта, министрад арæхдæр цы халæн цаутæ æруадзы, уыдонмæ, сæ сæйрагдæр – æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы кусæндæтты мидбæстон финансон цæстдард фæкарздæр кæнын.

Фарстайы фæдыл раныхасгæнæг ма уыд Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ.**

Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй, финанстæ фаг радих кодтой æви нæ, сæйраг уый нæу. «Сæйраг у, кæй радих кодтой, уыдонæй хæдзардзинæй цас спайда кодта министрад», – загъта Парламенты Сæрдар.

Уымæй уæлдай ма, депутаттæ цы федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Хæдарцаты Аслæнбег,** Остъаты Георги, **Киситы Мурат**, Джиоты Георги.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

Космонавтикæйы бон



# Стъалытæм бандзæвæм

**Дзæуджыхъæуы, Къомайты Русланы номыл космонавтикæйы скъолайы 9 апрелы уыд «Космоквиз 2026»-ы республикон интеллектуалон хъазты кæронбæттæн хай. Проект æрбангом кодта, космосы сусæгдзинæдтæ сæхимæ кæй æлвасынц, уыцы ахуырдзау фæсивæды. Цалдæр къуырийы Ирыстоны районты фæлтæргай æвзæрст цыдысты, зонындзинæдтæ æмæ командон æнгомдзинад кæй æхсæн ис, уыцы сывæллæттæ.**

Интеллектуалон хъазт «Космоквиз-2026»-ы архайдта 98 командæйы Дзæуджыхъæу æмæ алы районты скъолатæй, æдæппæт – 294 адæймаджы. Сывæллæтты зонындзинæдты ерыстæ цыдысты астрономи, космосы тыгъдад айгæрдыны, фыдыбæстаг æмæ дунеон космонавтикæйы æнтыстдзинæдтæ историйы зонынæй, командæйы æмгуыстады фарстатæй. Фæсивæдæн уыдон канд ерыстæ нæ уыдысты, фæлæ наукæ æмæ зонындзинæдты бæрæгбон дæр. Интеллектуалон хъазты ерыстæ ма арæзт цæуынц, 65 азы размæ 12 апрелы космосы тыгъдадмæ фыццаг хатт адæймаг куы атахт, уыцы историон цауы кадæн. Космонавтикæйы скъолайы директор **Челдыты Зæлинæ** куыд радзырдта, афтæмæй азæй-азмæ ацы уæлæмхасæн ахуырадон куыстуаты фадæттæ æмæ гæнæнтæ рæзынц.

– Нæ республикæйы сывæллæттæн ацы скъола у сæ удты бæрзонд техникон сусæгдзинæдтæ раргом кæнынæн бынат. Зæрдиагæй нæм ахуыр кæны 1120 сывæллоны. Ирыстоны иннæ рæттæй ардæм скъоламæ цæуыны фадат алкæмæн кæй нæй, уый зæрдылдаргæйæ, æппæт районты скъолаты дæр байгом кодтам космосон кълæстæ. Сæ ахуыры программæ тынг цымыдисаг æмæ мидисджын у цæстуынгæ æрмæгæй. Лекцитæй уæлдай, мастер-классты сывæллæттæн фадат ис уæлæрвты стъалытæм «бандзæвынæн». Нырыккон телескопы фæрцы сын арæзт цæуынц астрономон цæстдарды мадзæлттæ. Телескопæй кæсгæйæ, стъалытæ тынг хæстæг зынынц, æмæ сæм цыма къухæй бандзæвæн ис, афтæ. Астрономийы фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ сын амонынц æрмæг, саразынц сын экскурситæ Космонавтикæйы скъолайы залтыл, музейыл. Æвдист сын цæуынц наукон-документалон кинонывтæ дæр. Архайæм, цæмæй сывæллæттæ сæ фидæны фæндаг равзарынæн космосы дæсныйадмæ аздахой сæхи. Цалдæр боны размæ Ногиры, 1-æм скъолайы кæддæры рауагъдон, Космонавтикæйы скъолайы бындурæвæрæг Къомайты Русланæн байгом кодтам мемориалон къæй. Барельефы автор та уыд скульптор **Цхуырбаты Олег.** Мæнæн мæ хæс у, цæмæй скъола цæра æмæ куса, ууыл архайын, ис дзы кусджыты æмзонд æмæ æнгом командæ. Мах скъолайы хуызæн нæ бæстæйы нæй. Хорз бастдзинад нын ис РОСКОСМОС-имæ дæр. Нæ алы фæнд, нæ алы хъуыддагæн дæр нын аргъгæнæг вæййынц æмæ нæ сывæллæттæй разыйæ баззайынц, – загъта Челдыты Зæлинæ.

Ерысты кадджын уазджытæ уыдысты: космодром «Байконур»-ы ветеран, æфсæддон дохтыр **Тагир Мирзамагомедов**, Дзæуджыхъæуы Ахуырады управленийы хицауы хæдивæг **Нартыхты Лаурæ**, Национ библиотекæйы иртасæн хайады сæргълæууæг **Цориты Альбинæ.**

Тагир Мирзамагомедов интеллектуалон хъазты архайджытæн радзырдта космодромы йæ фæлтæрдджын куысты æмæ космосы медицинæйы ахадындзинады тыххæй.

– 1961 азы каст фæдæн Дагестаны медицинон институт, уый фæстæ мæм æфсады службæмæ фæсидтысты. Уырдыгæй æрвыст æрцыдтæн Ташкенты æфсæддон курсытæм, æмæ сæ куы фæдæн, уæд та мæ медицинон службæйы инæлар-майор Гæтæгты Сослæнбег дарддæр арвыста дохтырæй кусынмæ космодром «Байконур»-мæ. Æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ службæ кæндзынæн Советон Цæдисы, «сусæг объект» кæй хуыдтой, уыцы фæзтæй уæдæй абонмæ кусын «Медицина катастроф»-ы центры, – дзырдта Тагир Мирзамагомедов.

Тагир цардæмбалæн æрхаста ирон чызг Æхполæтты Езæйы. Уый арæзтадон техникумы фæстæ æрвыст æрцыд Байконурмæ арæзтадон объекттæм. Тагир абоны онг иуы. Паддзахадон сусæгдзинæдтæ кæй никуы схъæр кæндзынæн, уый тыххæй анкетæйы мæ къух бавæрдтон æмæ араст кодтон зындгонд фæзмæ. Медицинон хаймæ нæм-иу арæх цай цымынмæ æрбахызт Юрий Гагарин. Байконур аразын райдыдтой 1955 азы, дыууæ азы фæстæ та ахуыргæндтæ космосы тыгъдадмæ суагътой зæххы къорийыл фыццаг спутник. Цымыдисаг уыд космодромы кусын, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ мæ мæ дæсныйад тынгдæр æлвæста æцæг практикон куыстмæ. Дæс азы Байконуры службæйы фæстæ та мæ арвыстой Саратовы госпитæлмæ, уырдыгæй – Фæсбайкалмæ. 1991 азы мæ бинонтимæ æрцыдтæн Цæгат Ирыстонмæ æмæ дæр хъахъхъæны, йæ зæрдæйæн зынаргъ чи у, уыцы къамтæ, Юрий Гагарин ын йæ къухæвæрдимæ цы чиныг балæвар кодта, уый дæр.





Космонавтикæйы скъолайы æвзонг техниктæ сæхицæн чысыл иртасæн куыст кæнынц, архайынц дзы зæрдиагæй. Дзæуджыхъæуы 44-æм астæуккаг скъолайы ахуырдзау **Сидахъты Артем** Космонавтикæйы скъолайы æртæ азы ахуыр кæны æмæ радзырдта, сæ уды космосы сусæгдзинæдтæм цы арт ссыгъд, уый фæдыл:

– Не скъолайы космосон къласы ис 33 ахуырдзауы. Не 'ппæтæн дæр тынг цымыдисаг у космосы тыгъдад, космонавтты царды хабæрттæ дæр бæлвырддæр базыдтам. Æгæрон сæрыстырдзинад нæм фæзынд Юрий Гагарины стыр сгуыхтдзинады тыххæй. Космонавтикæйы скъолайы ахуырты куы вæййæм, уæд нæхи æцæг космонавттæй фенкъарæм, бирæтæм нæ ис бæллиц космосмæ атæхын, инженер суæвын. Фарон та æртæйæ нæ къласæй – Габеты Эвелинæ, Эвелина Манюкян æмæ Туаты Мария сæхи ракетæты проекттимæ ацыдысты Байконурмæ. Бирæ тæлмæнтимæ æрыздæхтысты æмæ ноджы сæрæндæрæй бавнæлдтой космосы сусæгдзинæдтæ ахуыр кæнынмæ, – загъта Сидахъты Артем.

Интеллектуалон хъазты кæронбæттæн мадзалы сывæллæттæм уазæгуаты 'рбацыдысты нæ республикæйы зындгонд зарæггæнджытæ: **Езеты Игорь** æмæ **Санахъоты Эрислав**. Езеты Игорь акодта зарæг «Трава у дома», Юрий Гагарин космосы тыгъдадмæ куы атахт, уыцы историон цауыл фыст уацмыс.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

# Арвы тыгъдады фæндагмæ Ирыстон бахаста йæ хуын

**Юрий Гагарины космосмæ атахтыл 65 азы кæй сæххæст, уый адæймаджы историйы у æппæты ахсджиагдæр къæпхæн. Фыдыбæстæйы космонавтикæ Константин Циолковскийы теоретикон иртасæнтæй Юрий Гагарины таурæгъон атахт арвы тыгъдадмæ дисы бафтыдтой æгас Зæххы къорийы цæрджыты дæр. Уæрæсейаг ахуыргæндтæ æмæ инженертæ стыр æвæрæн бахастой Зæххæй Арвы тыгъдадмæ акъахдзæф кæнынæн, æмæ уыдонимæ уыдысты Ирыстоны минæвæрттæ дæр.**

Ирыстон цух никуы уыд алыхуызон курдиæттæй, æдзухдæр æмдзу кодта бæстæйы раззагдæр хъуыддæгтимæ. Уæларвон стъалыты дуне басгарыны Ирыстон дæр ныууагъта рухс фæд. Советон Цæдис æмæ Уæрæсейы космонавтикæмæ бахаста ахсджиаг æвæрæн. Уыцы къабазы фылдæр кæмæн бантыст, уыдон сты:



КАСАТЫ Хъазыбег



КЪОМАЙТЫ Руслан



Александр КОМУРДЖИАН



ДЗЕСТЫ Роллан



Виктор БЛАГОВ йæ куысты бынаты

**Касаты Солæманы фырт Хъазыбег** (1936-2009) райгуырд Орджоникидзейы (ныры Дзæуджыхъæу), каст фæци 18-æм скъола. Уыд ракетон-космосон куыстады технологиты къабазы советон инженер-конструктор æмæ ахуыргонд. Байгом кодта Зæхх æмæ космосы ракетон космосы техникæйы æмбынатиуæг миниуджыты 12 закъоны. Йæ наукон куыстытæ сты 450 фылдæр, уыдонимæ – 100 æрхъуыдыйы, 60 чиныджы, у «Техникæйы ног наукон технологитæ»-йы энциклопедийы, наукæйы цыппар фæндаджы автор, уыдонимæ – капиллярон гидродинамикæ, бирæфадатджын капиллярон технологитæ. Хъазыбег уыд техникон наукæты доктор, профессор, К.Э.Циолковскийы номыл Космонавтикæйы академийы æцæг уæнг æмæ академик-нымæрдар, наукон куыстадон иугонд «Техномаш»-ы сæйраг наукон кусæг, ССР Цæдисы паддзахадон премийы лауреат (1982), Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон премийы лауреат (2000), Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Наукæ æмæ техникæйы дыууæ премийы (1997 æмæ 1999 азты) райсæг.

Наукон куыстадон иугонд «Техномаш»-ы инженер-конструкторæй схызт директоры хæдивæджы наукон куыст æмæ уыцы институты сæйраг наукон кусæджы бынатмæ.

Институтимæ архайдта алыхуызон космосон программæтæ æмæ проектты, уыдонимæ – ракетон-космосон комплекстæ «Протон-М», «Фрегат», «Бриз-М», «МКС», «Ангара» æмæ «ГЛОНАС»-ы арæзты æмæ модернизацийы. Касаты Хъазыбег у æндадзæн, ныхасæн æмæ æмбырдгæнæн технологитæ фæлварыны æмæ æндæр ракетон-космосон техникæ аразыны диссаджы наукон скъолайы бындурæвæрæг.

**Къомайты Владимиры фырт Руслан** (1947-2021) райгуырд Ногиры.

Космосон тæхгæ аппаратты конструктор, ССР Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт машинæаразæг С.А.Лавочкины номыл наукон-куыстадон иугонды генералон директоры фыццаг хæдивæг (1999-2003 азты). 2005 азæй фæстæмæ разамынд лæвæрдта космосон техникæйы макеттæ аразыны хайадæн. Къомайы-фырт у РЦИ-Аланийы Дзæуджыхъæуы космонавтикæйы скъолайы бындурæвæрæг.

Русланы разамындæй æмбырдгонд æмæ фæлвæрст æрцыдысты 500 космосон аппаратæй фылдæр, уыдонæй уæлдæфмæ суагътой 205. Се 'хсæн – «Астрон», «Венера-13», «Венера-14», «Венера-15», «Венера-16», «Вега», «Фобос», «Марс-96», «Гранат», «Интербол», «Вега-1», «Вега-2».

Русланы разамындæй цыдис цыренгæнæг блок «Фрегат» æмæ космосон радиотелескоп «Спектр-Р» саразыны куыст, архайдта бирæхаттон космосон системæ «Буран» саразыныл.

Йæ разамынд æмæ йæхи иудадзыг архайдæй цыдысты Дзæуджыхъæуы планетари сног кæныны, йæ къуырф æмæ тымбыл цары диаметр у 7,5 метры, Хуры системæйы макеты диаметр – 12 метры, 1000 хатты фылдæргæнæг дыууæ телескопы æмæ Хурæй кусгæ сахат сæвæрыны куыстытæ.

**Виктор Дмитрийы фырт Благов** (1936-2019) райгуырд горæт Орджоникидзейы (ныры Дзæуджыхъæу).

Виктор уыд наукон скъола «Тæхæгимæ космосон тæхтыты оперативон управлени æмæ пъланкæнынад»-ы наукон скъолайы бындурæвæрджытæй иу.

Архайдта космосон наутæ «Восток», «Восход», проекттæ аразыны, космосон наутæ «Союз-19» æмæ «Аполлон»-ы иумæ стæхынмæ цæттæ кæныны. Ноджы ма архайдта «Мир-Шаттл» æмæ «Мир-NASA»-йы проектты куысты.

Фæстаг азты кодта программæ «МКС»-ы наукон-техникон координацийы куыстытæ. К.Э.Циолковскийы номыл Уæрæсейы Федерацийы, Космонавтикæйы академийы æцæг уæнг уæвгæйæ, кодта стыр æхсæнадон куыст.

**Александр Леоны фырт Комурджиан** (1921-2003) райгуырд Дзæуджыхъæуы.

Советон инженер-конструктор, космосы транспортон машинæаразыны наукон скъолайы бындурæвæрæг, планетæтыл цæуæг техникæйы фыццаг аразæг. Техникон наукæты доктор (1971), профессор (1977), Ленины премийы лауреат (1973), Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг.

1940 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Н.Э.Бауманы номыл уæлдæр техникон училищæмæ. 1942 азы бархионæй ацыд фронтмæ æмæ хæцæг æфсады фæархайдта 1943 азæй хæсты кæронмæ. 1951 азы иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Мæскуыйы Н.Э.Бауманы номыл уæлдæр техникон училищæйы транспортон хайад, æмæ йæ кусынмæ арвыстой Ленинграды наукон-иртасæн институт «Трансмаш»-мæ, 1959 азы йæ сæвæрдтой техникæ цæуыны ног принципты хайады хицауæй, æмæ уым архайдта уæлдæфон уæлцъары транспортон фæрæзтæ аразыныл, ном та йын раттой «тæхгæбырæг». Йæ разамындæй арæзт æрцыдысты дунейы фыццагдæр космосы архайынæн робототехникон машинæтæ «Мæйыл цæуæн», «Марсыл цæуæн». Комурджианы разамындæй арæзт приборты фæрцы райстой Мæй æмæ Венерæйы уæлцъары физикон-механикон бæрæггæнæнтæ.

**Дзесты Аврамы фырт Роллан** (1938- 2017) райгуырд Хуссар Ирыстоны, Едысы.

Тарскæйы астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыд Кишиневы паддзахадон университетмæ æмæ дзы райста математикы дæсныйад. Æрвыст æрцыд космосон тæхынты центрмæ, æмæ дзы бакуыста 60 азы. Разамынд лæвæрдта космосон тæхынтæн математикон æххуысы хайадæн. Æрвон механикæйы диссаджы бæрзонд квалификацион специалист уæвгæйæ, тæхыны баллистикон æххуысæй архайдта фыццаг советон, уый фæстæ та Уæрæсейы космосы науты тæхыны. Цалдæр хатты архайдта NASA-йы проектты Хьюстоны (АИШ), Европæйаг космосон агентад Тулузы (Францы), Китай æмæ Индийы космосон программæты рæзты.

К.Э.Циолковскийы номыл Космонавтикæйы академийы уæнг-уацхæссæг уæвгæйæ, хорзæхджын æрцыд орден «Кады нысан» æмæ бирæ майдантæй, у ССР Цæдисы министрты советы лауреат. Йæ экспериментaлон куыстытæ æмæ оперативон-практикон архайд мыхуыргонд æрцыдысты цалдæр монографи æмæ наукон-техникон уацты.

**Æрмæг бацæттæ кодта**
**КАСАТЫ Батрадз**




**Уыдис ахæм цау**

# Леоновы лæгдзинад



*Алексей Леонов уыдис, космосы гом тыгъдадмæ чи рахызт, уыцы фыццаг адæймаг. 12 минуты æмæ фараст секунды уыдис науæй фондз метры æмæ æрдæг дарддæр.*

*Фæлæ бирæтæ нæ зонынц, уыцы рæстæг мæлæты къахыл кæй лæууыд. Цæлхдуртæ фæзындысты гом тыгъдады: тыхджын æлхъывдады аххосæй скафандр ныддымст, æмæ космонавтæн йæ бон наумæ мидæмæ бахизын нал уыд. Цы ‘рцыди, уый тыххæй Зæххæн фехъусын кæнынæн амал нæ уыд, æмæ Алексей сфæнд кодта йæхи хъарутæй архайын.*

*Леонов скафандры мидæг йæ гуырахсты туаггуыры бæрц фæкъаддæр кодта, кæд ын декомпрессион низæй тæссаг уыд, уæддæр. Йæ мидтыхст æмæ æгæруаргъы аххосæй йæ зæрдæйы цæф минутмæ 190-мæ схæццæ, йæ шлемы авг та афтæ схид, æмæ капсулæ, уырзæй сгаргæйæ, тыххæй ссардта.*

*Алексейы сгуыхтдзинад æппæт дунейыл айхъуыст, немыцаг æвзаджы та фæзынд мивдисæг leonovieren – «парить в космосе подобно Леонову».*

**Таурæгъон хъайтар**

# Юрий Гагарин æрмæст космосы нæу фыццаг

**Гагарины тыххæй уыцы цау сымах, æвæццæгæн, нæ зонут: космонавт йæ амæлæты агъоммæ сусæг проектыл куыста.**



2025 азы 12 апрелы 65 азы сæххæст, адæймаг фыццаг хатт космосмæ куы атахт, уыцы боныл. Алчидæр зоны Гагарины тыххæй уыцы цау, фæлæ, куыд сбæрæг, афтæмæй йæ мæлæты агъоммæ хъайтар арæзта тæхæг аппараты проект. Чертежтæ фенæн уыд Авиаци æмæ космонавтикæйы центрон хæдзары 2024 азы.

«Хæдтæхæджы хуызæн космосон аппарат» – Юрий Гагарины дипломон куыст. 1961 аз, космосæй æрæздæхгæйæ, уый сфæнд кодта Николай Жуковскийы номыл Æфсæддон-уæлдæфон инженерон академийы уæлдæр ахуырад райсын.

Йæ рауагъдон куысты темæ йын йæ мæлæты размæ сфидар кодта Сергей Королев æмæ йæ снысан кодта «космолет» араздзыты къорды разамонæгæй. Уый тыххæй, кæй зæгъын æй хъæуы, хъæрæй нæ дзырдтой – ныхас цыди, стыр фидæн кæмæн уыд, ахæм советон ногдзинадыл. Конструктор дзырдта: «Ацы лæппуйæн æмбæлгæ ахуырад лæвæрд куы ‘рцæуа, уæд ын йæ ном фехъусдзыстæм не стырдæр ахуыргæндты нæмтты ‘хсæн».

Космолетæн раттой Юрий Алексейы фыртæн йæхи ном – ЮГ-1. Йæ къорды иннæ уæнгтимæ бахыгъта æмæ аппараты модель фæлвæрдта аэродинамикон хæтæлы. Фыццаг космонавты къухæй арæзт чертежтæ адæмы размæ рахастой йæ гуырæнбоны 90 азы бонмæ арæзт экспозицийы.

Дипломатон балцтæ æмæ æнæкæрон интервьюты аххосæй Юрий Гагарин уæлдæр ахуырадон артдзæсты фæахуыр кодта фондз нæ, фæлæ авд азы. 1968 азы февралы бахъахъхъæдта диплом. Космонавты арвыстой æфсæддон аспирантурæмæ, 27 мартъийы та фæлварæн тахты рæстæг фæмард.

### Гагарин куыдæй фæмард

«Гагарины цард афтæ раджы куы нæ аскъуыдаид, уæд, чи зоны, «Буран» нæ бæстæйы фæзындаид 1980 азы кæрон нæ, фæлæ дзæвгар раздæр», – зæгъы Авиаци æмæ космонавтикæйы центрон хæдзары хицау Юлия Сигорская.

Уæдæ цæмæ фæмард Гагарин? Йæ адзалы аххосæгтæ бирæ рæстæг сусæггонд уыдысты. Æрмæджыты 29 томы раргом кодтой æрмæстдæр 2011 азы. Экспертæ куыд нымайынц, афтæмæй йæ мæлæтæн ис цалдæр аххосаджы. Сæ растдæртæ сты ахæмтæ: æнæпилотон метеорологон зондимæ хисцæвынæй цæхгæр фæиуварс кæныны маневр. Официалон æвзарæны ис, Гагарин диспетчерæн зонды тыххæй кæй фехъусын кодта, уыцы факт.

Гагаринмæ тæхæн фæлтæрддзинад фаг нæ уыдис. Æхсæнадæмон арæх фембæлдтытæ æмæ интервьюты тыххæй фæстаг азты космонавт хæдтæхæджы арæх нæ бадт æмæ, гæнæн ис, рæдыд æруагъта.

Авиаполчъы уагæвæрды ныллæг æмвæзад. Гагаринимæ чи хъуамæ тахтаид, уыцы дыккаг пилот Серегин байрæджы кодта. Хицауад æй баурæдта. Уый сбæрæг кодта, Арсений Миронов, Гагарины мæлæты цау чи æвзæрста, уыцы къорды уæнг.

Бирæ мæнг ныхæстæ цыд фыццаг космонавты æвирхъау мæлæты тыххæй. Цы нæ бакæсдзынæ ныртæккæ интернеты тыгъдады!

1968 азы 27 мартъийы дæс сахаты æмæ æрдæгыл Гагарины хæдтæхæг, тынг тагъд тæхгæйæ, æрыгон бæрз бæлæсты сæртæ къуыргæ, зæххы нынныхст. Афтæ фæмард фыццаг космонавт. Уый нын фæдзæхста: «Зæххыкъорийы алыварс нау-спутничы атæхгæйæ, æз федтон, куыд рæсугъд у нæ зæххыкъори. Адæм, халгæ нæ, фæлæ бахъахъхъæнæм æмæ фылдæр кæнæм уыцы рæсугъддзинад!»

**Дарья ЕЛИНА**

**Уыдонмæ та?**

# Космонавты хъысмæт

**Америкаг астронавт Вирджил Гриссомæн хъысмæт стæрхон кодта куысты амæлын. 1961 азы америкаг космосон нау «Mercury-Redstone-4»-ы аппатат Гриссомимæ æрбадт Сабыр фурды уæлцъар, режим куыд амыдта, афтæ, фæлæ люк рæстæгæй раздæр фегом. Вирджилæн бантыст æддæмæ рахизын, æмæ вертолетчиктæ, скафандры фæрцы йæ бон бирæ рæстæг ленк кæнын кæй бауыдзæн, уый зонгæйæ, сæ хъарутæ сарæзтой, дæлдон чи кодта, уыцы аппарат æрцахсынмæ.**

Фæлæ астронавт костюмы клапан бахгæнын ферох кодта, æмæ уымæн йæ уæлдæф сæфын райдыдта. Гриссом хъуамæ фæдæлдон уыдаид, фæлæ фервæзт, вертолетæй йæм æвдузæнимæ ставд бæндæн æрæппæрстой.

Æхсæз азы фæстæ йæ мæлæт уæддæр ссардта. 1967 азы программæ «Аполлон»-мæ гæсгæ адæймагимæ фыццаг атахтмæ цæттæ кæнгæйæ, стыр зынгсирвæзт æрцыд, æмæ æппæт экипаж дæр фæмард, уыдонимæ – Гриссом дæр. Ацы хатт сæ бон нæ баци люк байгом кæнын.



### Æндон нервыты хицау адæймаг

1969 азы ноябры «Аполлон-12»-ы экипаж – Пит Конрад, Алан Бин æмæ Ричард Гордон – йæхи цæттæ кодта ракетæ «Сатурн-5»-ыл атæхынмæ. Атахты фæткуаты центрæн Хьюстоны разамынд фыццаг хатт лæвæрдта Джерри Гриффин, куыд атахт, уымæ та йæ цæст дардта Америкæйы Иугонд Штатты президент Ричард Никсон. Кæд тæрккъæвда уыд, уæддæр нау атахт, фæлæ йæ 36 секунды фæстæ арвæрттывд æрцавта æмæ науы ахызт. Уый аххосæй энергосистемæ æмæ æппæт прибортæ дæр ахуыссыдысты. Аварион панелыл ссыгъдысты тæссаг уавæры сигналтæ.

Уавæр фервæзын кодта оператор Джон Аарон. Уый ратта командæ: «SCE» баив «AUX»-æй». Уыцы командæ сæххæст кæнын йæ бон бацис æрмæстдæр астронавт Алан Бинæн. Йæ руаджы нау фервæзт. Фæстæдæр Аароны схуыдтой «Steely-Eyed Missile Man» (человек со стальными нервами).

Фæлæ ууыл «Аполлоны» æнамонддзинæдтæ нæ фесты.

### Фæстаг атахт

Уымæй афæдз фæстæдæр «Аполлон-13»-ы экипаж Зæххæй 400 километры адарддæр. Æртыккаг суткæйы программæмæ гæсгæ Мæйы уæлцъармæ рахизыны бæсты æрцыд стыр фыдбæллæх: телтæ рæвдз кæй нæ уыдысты, уый аххосæй туаггуыры балон срæмыгъта. Уæд загъта науы командæгæнæг, фæстæдæр æппæт дунейы зындгонд чи ссис, уыцы ныхас: «Хьюстон, у нас проблемы».

Сæ цард бахъахъхъæныны тыххæй астронавттæ Мæйы модульмæ бахызтысты æмæ къухæй æрæмбырд кодтой уæлдæф сыгъдæггæнæн системæ, æмæ ма сæм цы хæлцы муртæ уыдис, уыдон бадих кодтой. Цыппар боны фесты, 11 градусы кæм уыд, уыцы къуындæг модулы æнæ хъарм уæлæдарæсæй, ихæнæй мæлгæ. Атахты траектори растгонд куы ‘рцыд, уæд экипаж раздæхт командон модульмæ æмæ зæхмæ æрыздæхт.

Уыцы атахт уыдис фæстаг космосон рейс «Аполлон-13»-ы æппæт астронавттæн.

**Советон Цæдисы фехæлдыл сæмбæлд орбитæйæ**

# Сергей Крикалевы диссаджы хабар

**1991 азы майы бонтæй иуы космонавт Сергей Крикалев араст кодта станцæ "Мир"-мæ. Атахт Советон Цæдисæй, фæстæмæ та æрыздæхт ног Уæрæсемæ. Орбитæйы хъуамæ фæуыдаид фондз мæйы, фæлæ дзы афæдз гыццыл хъуаг бафæстиат, æмæ ничи зыдта, зæхмæ кæд раздæхдзæн, уый.**



### Инженерон зондахастимæ космонавт

Сергей Константины фырт Крикалев райгуырд 1958 азы 28 августы Ленинграды. Каст фæци Ленинграды механикон институт, райста инженер-механикы дæсныйад.

1985 азы 27-аздзыд Сергейы равзæрстой космонавты къордмæ, цæттæ йæ кодтой "Бураныл" атæхынмæ, фæлæ цæмæдæр гæсгæ программæ æхгæд æрцыд. Шаттлыл фæстæдæр атæхдзæн, æрмæст америкагыл, куыд фыццаг уæрæсейаг космонавт «NASA»-йы бортыл. Уый уыдзæн дзæвгар фæстæдæр, 1994 азы.

### Британаг кондитеримæ – космосмæ

Крикалев фыццаг хатт косморейсы уыдис 1988 азы æмæ ахаста афæдзы ‘рдæг. Куы æрыздæхт, уæд ын саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1991 азы 18 майы йæ дыккаг атахт ссис таурæгъон. 32-аздзыд космонавт "Мир"-мæ атахт Анатолий Арцебарский æмæ англисаг Хелен Шарманимæ. Цымыдисаг у британаг космонавтимæ балц. Михаил Горбачев Маргарет Тэтчерæн иухатт зæрдæ бавæрдта Великобританийы минæвары космосмæ арвитын – британæгтæй орбитæйы ничима уыдис. Конкурс сарæзтой, æмæ дзы амбылдта кондитерон фабрикæ «Марс»-ы инженер.

Мæскуы йæхи хардзæй йæ зæрдæвæрд сæххæст кодта. Космонавттæ æрмæст сæ хæстæ не ‘ххæст кодтой, фæлæ ма сæ цæст англисаг уазæгмæ дæр дардтой. Шарман фæстæдæр куыд мысыд, афтæмæй Крикалев алкæддæр уыд сабыр, хиуылхæцгæ, цыма орбитæйы нæ, фæлæ йæхи хæдзары ис, афтæ каст сылгоймагмæ. Исты къуыхцы-иу куы сæвзæрд, уæддæр уыд фидар, хиуылхæцгæ.

### "Ноджыдæр ма атæх»

Пъланмæ гæсгæ вахтæ уыд фондзмæйон, фæлæ афæдз ахаста. Атахты рæстæг йæ астæумæ куы ‘рхæццæ, уæд ын Крикалевимæ бастдзинады рæстæг программæйы разамонæг Валерий Рюмин æргом загъта: "Æнхъæлдæн, дыууæ атахты – иу австрийаг космонавтимæ, иннæ та – хъазахагимæ баиу уыдзысты, æмæ, цы бакæнæм, уый нæ зонæм. Дæ хъарутæ сбаргæйæ ма иннæ экспедициимæ дæр куы баззаис, уæд нын тынг феххуыс кæнис. Кæд дæ бон не суа, уæд æндæр исты æрхъуыды кæндзыстæм».

Хъуыддагæн политикон аххосаг уыдис. Нурсултан Назарбаев, уæды Казахстаны Компартийы фыццаг нымæрдар, смæсты: Байконур хъазахаг зæххыл лæууы, космонавтты ‘хсæн та иу хъазахаг дæр нæй. Англисæгты космосмæ уадзынц, «æфсымæрон адæмы» та ферох кодтой.

Æмæ уайтагъд бауынаффæ кодтой: атæхынмæ бацæттæ кодтой Токтар Аубакировы — курдиатджын тæхæг-фæлварæджы, раздæр космонавтикæимæ баст чи нæ уыдис, уый. Пъланмæ гæсгæ ма хъуамæ атахтаиккой австрийаг Франц Фибек æмæ науы командæгæнæг. Крикалевы раздæхынæн дзы бынат нал уыд.

Космонавт сразы. Хæлц, дон æмæ уæлдæф ма дыууæйы фаг дзæвгар уыди «Мир»-ы.

### Космосы ахæст?

Уый фæстæ Крикалевыл ныффидар сты эпитеттæ "байрохгонд космонавт", "космосы ахæст", "Советон Цæдисы фæстаг гражданин».

Уыцы космосон балцы тыххæй хъайтар йæхæдæг афтæ зæгъы: "Мах хъуамæ нæ космонавтикæ фервæзын кодтаиккам, уымæ гæсгæ æз баззадтæн станцæйы». Уым ма йемæ баззад Александр Волков. Иумæ дарддæр сæ куыст кодтой, космосы гом тыгъдадмæ рахызтысты æмæ дзы цыппар сахаты фесты.

### Æндæр бæстæмæ æрыздæхт

Крикалев æмæ Волковимæ капсулæ æрбадт Казахстаны быдырты Аркалыкмæ хæстæг 1992 азы 25 мартъийы. Афтæмæй Сергей Константины фырт космосы бафæстиат 311 суткæйы 20 сахаты 9 минуты æмæ 54 секунды.

Космонавты дысыл – советон тырыса æмæ дамгъæтæ «СССР». Цыма ивгъуыдæй рæстæджы машинæйы уазæг æртахт. Атахт Ленинградæй æмæ æрыздæхт Бетъырбухмæ. Атахт Советон Цæдисæй, æрыздæхт Уæрæсемæ.

Уыцы космосон балцы тыххæй Сергейæн лæвæрд æрцыд Уæрæсейы Хъæбатыры ном. Бонусы хуызы та ма – сау «Волгæ» – уый уыди, «Мир»-мæ экспедицийы тыххæй кæй балæвар кодтой, уыцы фæстаг хæдтулгæ.

Крикалев космосмæ атахт æхсæз хатты, æдæппæтæй дзы фæци 803 боны – дыууæ азæй фылдæр. Уыцы рæстæгмæ зæххыкъорийы алыварс æрзылд фондз мин хатты. Космосы гом тыгъдадмæ рахызт аст хатты. Æрмæстдæр 2015 азы сентябры Крикалевы рекорд фæфылдæр кæнын бантыст Геннадий Падалкайæн – уый космосы фæци, иумæйаг рæстæг нымайгæйæ, 880 боны.

**Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ**

Спортивон фидиуæг



Ивазæнтæ

# Ерыстæ адæмон спорты хуызтæй

**Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Бадзийы номыл Спортивон галуан «Манеж»-ы адæмон спорты хуыз «Ивазæнтæй» (мас-рестлинг) арæзт æрцыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсынил ерыстæ цыппар кары спортсменты ’хсæн.**



Ерыстæ саразджытæ уыдысты æхсæнад «Ирон федераци» æмæ РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министрад. Се ’ххуысы хай сæм бахастой æхсæнад «Милуан ироны»-йы минæвæрттæ дæр.

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст цыдысты, Уæрæсейы чемпионат æмæ кæстæрты æппæтуæрæсеон ерысты Ирыстоны номæй чи хæцдзæн, уыцы спортсментæ.

Æппæты кæстæрты (12-13-аздзыд) ерысты архайдтой æрмæстдæр æвзонг лæппутæ æмæ дзы 1-аг бынæттæ бацахстой **Тедеты Хетæг, Тауаситы Таймураз** æмæ **Гуытъиаты Тимур**.

14-15-аздзыд чызджытæ æмæ лæппуты ерыстæ рауадысты цымыдисаг. Чызджытæ цы æртæ уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ бацахстой: **Марьям Лаврова, Зæнджиаты Мæдинæ** æмæ **Алиаты Алинæ**.

Ацы кары лæппутæ ерыс кодтой цыппар уæзы, æмæ уæлахиздзаутæ систы **Саид Сафаев, Давид Сафаев, Владислав Петрищев** æмæ **Годжыцаты Сослан**.

Ноджы цымыдисагдæр фембæлдтытæ рауадысты 16-17-аздзыд спортсменты ерыстæ. Чызджыты ’хсæн 1-аг бынæттæм рацыдысты **Беджызты Эльмирæ, Дарья Дыхалова** æмæ **София Дарбинянц**.

Лæппуты ’хсæн ерысты уæлахиздзаутæ систы **Хестанты Сæрмæт, Тегаты Батрадз, Гуытъиаты Артур** æмæ **Тедеты Дзамболат**.

18-азæй хистæр спортсменты чемпионаты сылгоймæгтæ цы дыууæ уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ рамбылдтой **Сохиты Миланæ** æмæ **Мсойты Алинæ**.

Нæлгоймæгты ’хсæн ерыстæ цыдысты цымыдисаг ныхмæлæуды. Æппынфæстаг 1-аг бынæттæ рамбулын бантыст **Икъоты Георги, Дзуццаты Цæрай, Тараты Астемыр** æмæ **Дудайты Богданæн**.

Ивазæнтæй уæлдай ма ацы ран цыдысты РЦИ-Аланийы чемпионаты ерыстæ чъоппæй. Ацы адæмон спортивон хуыз рагæй дæр хорз зыдтой Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны, æмæ ныр ахæм ерыстæ кæй аразынц, уый йæ нæ ногæй парахат кæндзæн фæсивæды ’хсæн. Чи дзы архайдта, уыдонæй къорд лæппуйы равдыстой хорз цæттæдзинад.

Уæлахиздзау æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ систы 1 – **Тегаты Батрадз**, 2 – **Гецаты Марк**, 3 – **Цгъойты Æхсæртæг**.

Æхсæнад «Ирон федераци»-йы уæнг **Цгъойты Тамерлан** зæгъы: «Ивазæнтæй ма 24-27 апрелы горæт Чебоксарты цы Уæрæсейы чемпионат цæуддзæн, уырдæм ацæудзысты 2025 азы декабры Цæгат Кавказы федералон зылды 1-аг бынæттæ чи бацахста, нæ уыцы спортсментæ дæр. Чебоксары ерыстæ нæ фæсивæд хуыздæртимæ кæй уыдзысты, уыил мах дызæрдыг нæ кæнæм».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд



**Дзуаппытæ 4 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн**

**ФÆРСÆРДÆМ:** 7. Æндиуд. 10. Скъола. 11. Æмыс. 12. Тутт. 13. Зулаив. 15. Æвзонг. 16. Дзывылдар. 17. Æрмадз. 20. Дæнцæг. 23. Къахсæр. 27. Бирæгъ. 28. Ацудас. 29. Æдзæрæг. 30. Æгад. 31. "Гино". 33. Замкова. 35. Спартæ. 36. Наджин. 37. Хæсгард. 41. Штангæ. 45. Аркъау. 48. Мыдыбындз. 49. Æгъуыз. 50. Фæззæг. 51. Одрæ. 52. Тæлы. 53. Бырдæн. 54. Сгарæг.

**БЫНМÆ:** 1. Æнгуыр. 2. Динара. 3. Удæвдз. 4. Астæрд. 5. Хъазан. 6. Алантæ. 8. Сылыхъ. 9. Тундрæ. 14. Хырх. 18. Маис. 19. Дзæнгæрæг. 21. Æууæнкдар. 22. Црау. 23. Къæдзæх. 24. Арзамас. 25. Сердоба. 26. Раггæнд. 32. Апиа. 34. Тигъ. 38. Æндæрг. 39. Гобæ. 40. Рæндæн. 42. Тыгуыр. 43. Нæуæдз. 44. Æмзонд. 45. Азфыст. 46. Козбау. 47. Алæмæт.

**ФÆРСÆРДÆМ:** 7. Къаннæг тугдзых цæрæгой. 8. Рагон уæрæсейаг уæлæдарæс. 10. Скифты æрдзон стыр ахуыргонд. 11. Аджы хæцæн. 13. Хъуын. 14. Цæхх лыстæггæнæн. 15. Донбакæлæн Ирландийы. 17. Хуытæн холлагдæттæн мигæнæн. 18 Нæлгоймаджы ном. 19. Чидæр, дам, цæст... нæ уыд æмæ æрфыг, æрфыг кодта. (Æмбисонд). 23. Хъæууонхæдзарадон культур. 24. Тæнæг сæрак. 25. Лæгъз – фæз бынат. 27. Æппыннæйы бæсты... хуыздæр. (Æмбисонд). 28. Минералон дон. 29. Сылгоймаджы уæлæдарæс. 31. Сæгъы хъуын, 32. Уæрæсейы облæстон центр.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Саби. 2. Гагадыргъ. 3. Ирон адæмон зарæджы хъайтар. 4. Коцойты Арсены радзырд. 5. Сæдæ азы. 6. М. Лермонтовы æмдзæвгæ. 9. Раздзог. 12. Карст уыгæрдæны дыккаг хатт цы кæрдæг æрзайы, уый. 13. Арæг сылгоймагмæ фæкæсæг. 16. Горæт Турчы. 17. Уæлдæфон науы скъæрæг. 20. Мигæнæн, бæрцуат. 21. Хъахъхъæнæг. 22. Æфсæн арæзтадон æрмæг. 25. Чысыл тыхтон. 26. Зындгонд эстрадон зарæггæнæг. 29. «Раст йæ астæу зайы... нæзы бæлас». (Къоста. «Æфсати»). 30. Сылгоймаджы ном.

# Арфæ



*Райсом Зæххы къорийыл цæрæг чырыстон дингæнæг дзыллæ, уыдонимæ мах дæр, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны цæрджытæ, хохæй-быдырмæ, бæрæг кæнæм дины стырдæр бæрæгбон – Куадзæн, æмæ уæ йæ хорзæх уæд!*

*Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау, дæ хорзæхтæ нын ратт! Абон дæм дæ Иунæг цæрдудæй здæхдзæн, æмæ дæ цины хай мах дæр уæд! Мæ зынаргъ æмбæстæгтæ! Чырыстийæн сыгъдæгæй цы ком бадардтат, уый йын хæлар уæд, махæй та алкæмæн дæр йæ царды фæндагыл ахъазгæнæг уæд!*

*Тагъд рæстæджы, цæмæ æнхъæлмæ кæсæм не ‘ ппæт дæр, уый сæххæст уæд – хæсты цæхæр бахуыссæд, дунейыл сабырдзинад æрфидар уæд!*

*Мæ зынаргъ хотæ æмæ æфсымæртæ! Алкæй хæдзар дæр бæркадæй дзаг уæд! Æнæниз æмæ æнæмастæй цæрут сабыр арвы бын! Чырыстийы хорзæх уæ уæд!*

**ЛАЛЫТЫ Лев,**
**æхсæнадон архайæг, меценат**

Кусæг балц

# Цалцæг дæр, ахуыр дæр

**Национ проект «Молодежь и дети»-йы бындурыл аразынц æмæ цалцæг кæнынц скъолатæ, æлхæнынц ног кусæнгæрзтæ, чингуытæ, хæдзары дзаума, ифтонг сæ кæнынц хæрæндæттæ. Уæрæсейы Рухсады министрад, нæ республикæйы Хицауад ацы фарстамæ стыр æргом здахынц. Зæгъæм, ацы азы пъланы ис 24 скъолайы сцалцæг кæнын. Уыдонæй æртæ объекты сты Алагиры районы.**

Паддзахадон программæ кæй кусы, уымæн уыдыстæм æвдисæн, Суададжы хъæу бабæрæг кæнгæйæ.

Се скъолайы бæстыхай бындурон цалцæг кæй кæндзысты, уыцы хабарыл æхсызгонæй сæмбæлдысты æппæт коллектив, стæй хъæуы цæрджытæ дæр.



Скъолайы директор КОЗАТЫ Зауыр

Подрядон организаци ООО «Макс» мартъийы фыццаг бонты райдыдта арæзтадон куыстытæ. Скъолайы директор **Козаты Зауыр** куыд зæгъы, афтæмæй 1966 азы скъола фыццаг хатт йæ дуæрттæ куы бакодта, уæдæй нырмæ никуы æрцыд цалцæггонд. Азтимæ бæстыхай зауыатмæ æрцыд, пъолтæ змæлыдысты, ранæй-рæтты æфсæйнаг зестытæй бахгæдтой сæ хуынчъытæ, хъармгæнæн системæ æвзæр куыста æмæ-иу зымæджы уазал бонты кълас хъарм кодтой электрон пецтæй, плиткæтæй, цартæ къæвда бон тагъдысты, нæ куыстой санитарон хатæнтæ. Скъолайы кусджытæ-иу сæхи хъарутæй алы ахуыры азмæ дæр саив кодтой кълæстæ, къæлидортæ.



БОКОТЫ Эльбрус æмæ Суададжы бынæттон администрацийы сæргълæууæг БРЫТЪИАТЫ Тамерлан (астæуæй) управленийы минæвæрттимæ



ЗОЛОЙТЫ Арсен, КАЛОТЫ Сергей, КЪÆЛХИДТЫ Азæмæт æмæ ВЕНИАМИН Горпун

– Уавæрмæ дарддæр кæсæн нал уыд æмæ нæ курдиат фæхæццæ кодтам республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйломæ**. Бузныг зæгъæм республикæ æмæ районы разамындæн. Ныфс нæ ис, тагъд рæстæг нæ сывæллæттæ кæй æрбацæудзысты райдзаст, алцæмæй ифтонг скъоламæ. Не стыр бæллиц сæххæст уыдзæн. Ныртæккæ не скъолайы ахуыр кæны 107 чызджы æмæ лæппуйы. Рæстæгмæ зындзинæдтæ нæ ницы хъыгдарынц, – ахуырадон æмæ хъомыладон куыст цæуы æнæкъуылымпыйæ. Скъоладзауты суазæг кодтой хъæуы Культурæйы хæдзар æмæ рæвдауæндоны, – зæгъы директор.

Ныридæгæн уал кусджытæ калынц зæронд пъолтæ, сыгъдæг кæнынц къултæ...

– Нæ размæ сæвæрдтам хæс, ахуыры ног азмæ хъуамæ бацæттæ кæнæм скъола. Бирæ куыстытæ ис бакæнинаг, – бæстыхайæн йæ цар æмæ хъармгæнæн системæтæ, электрон тыхы телтæ баивдзыстæм, сфидаудзысты дзы ног дуæрттæ æмæ пъолтæ. Зæрдиагæй архайдзыстæм, пайда кæнæм æппæты нырыккондæр æрмæджытæй, санитарон домæнтæ æххæст кæнгæйæ. Алы фарстайыл дæр æрдзурæм скъолайы разамындимæ, цæмæй алцыдæр æнæрæдыдæй, нывыл конд æрцæуа, уый тыххæй. Нæ куысты ницы къуылымпытæ æййафæм, – загъта прораб **Калоты Сергей**. Æмæ сын ныридæгæн цы бантыст, уыцы куыстытæ нын равдыста.

Арæзтадон объекты алы хъуыддагмæ йæ цæст дары «Макс»-ы генералон директор **Калоты Хазби**.

Алагиры районы администрацийы сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг **Бокоты Эльбрус** æмæ Национ проекттæм цæстдарæг управленийы минæвæрттæ дæр уыцы бон кусæг балцы уыдысты Суададжы, бабæрæг кодтой скъола æмæ рæвдауæндон.

Кусджыты архайдæй разыйæ баззадысты.

– «Национ проект «Молодежь и дети» кусдзæн 2030 азмæ. Бирæвæрсыг сты йæ гæнæнтæ, фæлæ сæйрагдæр – рæзгæ фæлтæры ахуыр æмæ хъомыладæн ныры рæстæгæн дзуапдæттæг уавæртæ скæнын. Нæ районы æртæ ахуырадон кусæндоны æрцæудзысты бындурон цалцæг – Фыййагдоны поселочы æмæ Суададжы астæуккаг скъолатæ, стæй Алагиры скъола-интернат, – загъта Бокоты Эльбрус.

Куыд базыдтам, афтæмæй ацы аз скъолайæн у юбилейон, æххæст ыл кæны 60 азы. Ног, аив фæлысты кæй сæмбæлдзæн бæстыхай йæ кадджын юбилейыл, уый нæ уырны.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,**
**къамтæ систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.



Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.



Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 375. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru